



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO DISTRIPIYE PRÈSKE 70 MILYON TÈS COVID-19 JISKA PREZAN BAY NOUYÒKÈ YO

***68890256 milyon tès te deja distripiye atravè Eta a nan dènye mwa yo, yo achte plis pase 90 milyon tès jiska prezan, prske 23 milyon tès nan estòk prekosyon an***

***Eta a pral diminye sit tès yo pandan plis Nouyòkè ap itilize tès lakay yo, y ap rete pare pou re-ouvri si sa nesèsè; Sit vaksen yo rete ouvè***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta a te distripiye prèske 70 milyon tès COVID-19 san preskripsyon jiska prezan nan kad efò k ap kontinye fèt pou pwoteje Nouyòkè yo pandan pandemi an.

"Jan nou te wè sa pandan pandemi an, twous tès yo se yon zouti enpòtan nan batay pou sispann pwopagasyon COVID-19 la ak anpeche ekspozisyon yo ak lòt moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou deja distripiye prèske 70 milyon tès COVID-19, epi n ap kontinye konsantre sou efò nou yo pou distripiye tès adomisil yo bay Nouyòkè yo epi konstwi rezèv nou an pou nou ka ranfòse preparasyon nou pou lavni, kenbe kominote nou yo an sekirite, epi avanse an sekirite atravè pandemi sa a."

Kòm plis Nouyòkè itilize tès lakay yo pase tès sou plas, Eta a ap diminye sit tès li yo. Eta a te kenbe kontra pou re-ouvri sit tès yo rapidman jiska jen si sa nesèsè. Yo te fè rèske 100,000 tès nan sit tès eta yo depi 7 janvyè. Gen 1,910 lokal ki anrejistre pou jwenn yon tès nan Eta New York, ou ka jwenn lokal yo [isit la](#). Tout 15 sit pou vaksinasyon Eta a yo rete ouvè epi yo ankouraje Nouyòkè ki gen plis pase 50 ane yo pou yo pran yon dezyèm dòz rapèl dapre konsèy CDC ki fèk elaji a.

**Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Distribisyon tès COVID-19 adomisil yo se yon zouti enpòtan k ap ede anpeche pwopagasyon nan kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) paske yo te distripiye plizyè milyon kit tès rapid nan tout eta a, patikilyèman nan kominote ki gen gwo risk yo. Nouvo [rechèch Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi pibliye](#) fè nou sonje ke nou dwe kontinye santre ekite nan tout efò repons pandemi nou yo. Lè nou fè tès nan mezon retrèt yo, sant pou granmoun aje yo, bank alimantè yo, ak lokatè Otorite

Lojman Vil Nouyòk yo, epi nan kenbe sit vaksinasyon an mas eta nou yo ouvè pou tout moun, se egzakteman sa Eta New York ap fè."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare,** "COVID toujou yon menas reyèl, epi li enpòtan pou nou rete vijilan nan travay nou pou pwoteje kominote yo. Gras a lidèchip Gouvènè Hochul la, New York te elaji operasyon distribisyon tès nou an nan yon echèl kèk moun te ka panse posib apèn yon ane, men nou pa ka repoze sou reyalizasyon sa a pou kont li. Pandan n ap avanse nan sezon prentan an, nou pral kontinye sipòte patnè lokal nou yo sepandan nou kapab asire Nouyòkè yo gen zouti pou yo rete an sekirite ak an sante."

Depi nan kòmansman ane a, yo deja distribiye 68,890,256 milyon tès atravè New York, sa gen ladan apeprè 33 milyon tès bay lekòl yo, 19.5 milyon tès pou mezon retrèt yo ak enstalasyon swen pou adilt yo ak plis pase 12.5 milyon tès bay responsab lokal yo, ki gen ladan konte yo pou distribisyon piblik nan kominote respektif yo. Efò distribisyon yo swiv acha plis pase 90 milyon tès rapid nan mwa pase yo.

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Hochul te anonse gen plis pase 20 milyon tès COVID-19 san preskripsyon ki pral distribiye atravè Eta a jiska prentan an pou ranfòse efò preparasyon kontinyèl Eta New York yo.

Plan pentan enkli distribisyon kit tès san preskripsyon pou mezon retrèt, enstalasyon swen pou adilt yo, lokatè Otorite Lojman Vil Nouyòk yo, bank alimatè yo, sant pou granmoun aje yo, ak lekòl yo pandan y ap fè patenarya avèk responsab eli yo pou distribisyon bay piblik la, pandan mwa k ap vini yo pou idantifye nouvo ka COVID-19 yo ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite.

Anvan vag Omikwon an nan fen 2021, Gouvènè Hochul ak ekip li a te idantifye nesosite pou sekirize twous tès san preskripsyon pou konbat vag Omikwon an, bay distribisyon regilye pou piblik jeneral la, priyoreze lekòl ak enstalasyon swen pou adilt yo atravè eta a.

Nan plis pase 90 milyon tès yo achte, apeprè 23 milyon tès te sere pou ede prepare pou nenpòt vag ki ta parèt nan fen ane sa a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)